

**DAMEL MEDIA PASINAON FLASHBOOK CERKAK KANGGE SISWA  
SMP KELAS VIII**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunkajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan*



dening  
Lidya Puspita Sari  
NIM 14205241008

Yogyakarta, 22 Maret 2018  
Pembimbing,

Nurhidayati, S.Pd., M.Hum.  
NIP 19780610 200112 2 002

Yogyakarta, 23 Maret 2018  
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## DAMEL MEDIA PASINAON FLASHBOOK CERKAK KANGGE SISWA SMP KELAS

### VIII

#### DESIGNING SHORT STORY FLASHBOOK LEARNING MEDIA FOR THE 8<sup>TH</sup> GRADE STUDENT OF JUNIOR HIGH SCHOOL

Dening: Lidya Puspita Sari, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.  
[Lidyapuspita17@gmail.com](mailto:Lidyapuspita17@gmail.com)

#### Sarining Panaliten

Panaliten menika wonten tigang ancas, inggih menika: (1) tataran ndamel *media pasinaon flashback* cerkak kangge siswa SMP kelas VIII, (2) *validasi kualitas media pasinaon flashback* cerkak dening dosen ahli materi saha dosen ahli media, saha (3) pamanggihpun guru basa Jawi saha siswa kelas VIII tumrap *media pasinaon flashback* cerkak. Panaliten menika wujudipun kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. Asiling panaliten nedahkaken: (1) *media* dipundamel kanthi gangsal tataran inggih menika: *analysis, design, development, implementation*, saha *evaluation*, (2) *validasi kualitas media* dening dosen ahli materi angsal biji persentase 93%, wondene *validasi* dening dosen ahli media angsal biji persentase 80%, saha (3) pambiji *media* dening guru basa Jawi pikantuk biji persentase 100%, saha asiling pamanggih siswa angsal rerata persentase 86%. Asiling panaliten menika nedahkaken bilih *media pasinaon flashback* cerkak saged kangge sarana sinau wonten pamulangan cerkak.

Pamijining tembung: *Flashbook, Media Pasinaon, Unsur-unsur Cerkak*

#### Abstract

*This study aims to : (1) explain the steps of designing short story flashback learning media for grade VIII students (2) evaluate the quality of the short story flashback learning media by the material expert and the media expert, and (3) analyze the Javanese teacher's valuation and students' opinion about the media. This study belongs to Research and Development (R&D). The results of the study are (1) the media are designed through five steps namely: analysis, design, development, implementation, and evaluation, (2) the validation from the material expert toward the quality of the media is 93%, and the validation from the media's expert is 80 %, and 3)the media evaluation form Javanese Teacher is 100 % and the opinion from the students toward the flashback learning media is 86%. This study shows that short story flashback learning media can be used as learning media in learning about short story material.*

*Keywords: Flashbook, Learning Media, Short Story*

#### PURWAKA

Pamulangan basa Jawi sampun dipuntetepaken minangka muatan lokal wajib wonten sekolah wiwit SD dumugi SMA/SMK dening pamerintah Daerah Istimewa Yogyakarta. Adhedhasar kurikulum 2013 materi sastra kangge siswa SMP kelas VIII inggih menika cerkak. Kawontenan menika saged dipuntingali saking Kompetensi Inti (KI) "mencoba mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung,

*menggambar dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori "* saha Kompetensi Dasar (KD) "mengurai unsur-unsur cerkak", satemah siswa kedah nindakaken indikator madosi unsur-unsur cerkak (Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor: 64/ KEP/ 2013).

Adhedhasar asiling observasi pasinaon cerkak wonten kelas nedahkaken bilih siswa taksih kirang nggatosaken saha taksih kirang greget anggenipun sinau cerkak. Kawontenan menika saged dipuntingali taksih wonten siswa ingkang micara piyambak saha ngantuk. *Media pasinaon* ingkang dipunginakaken

Ibu Kitri Sukamti, S.Pd. minangka guru basa Jawi SMPN 14 Yogyakarta wonten pasinaon cerkak inggih menika *video* cerkak. *Video* menika kangge katrampilan nyemak, ananging *media* kangge katrampilan maos dereng wonten.

Saking andharan menika saged dipunmangretosi bilih siswa taksih mbetahaken *media* pasinaon cerkak kangge katrampilan maos saha kangge ndamel siswa langkung greget kangge sinau cerkak. Kawontenan menika minangka panjurung panaliti kangge ndamel *media* pasinaon ingkang awujud *flash* saha buku cariyos mawi gambar. *Media* pasinaon ingkang awujud *flash* dipundamel kanthi *aplikasi macromedia flash professional 8* ingkang sampun dipuntata kanthi *sistematis* saha mawi *animasi*. *Sistematis* menika kanthi *materi* ingkang sampun runtut inggih menika pandom, *kompetensi dasar*, *indikator*, pangretosan, unsur-unsur, tuladha, *analisis*, gladhen, kapustakan, saha *profil*. Satemah guru utawi siswa Kantun *klik menu* ingkang dipunbetahaken. *Media* mawi *aplikasi macromedia flash professional 8* saged dipunsukani *animasi* kangge narik kawigatosan siswa.

Kangge ngampingi *media* pasinaon *flash*, dipundamel *media* pasinaon buku cariyos mawi gambar. Wosipun buku cariyos menika cerkak saha *ilustrasi* saking cerkak. *Media* pasinaon ingkang

## CARANING PANALITEN

panaliten menika ngginakaken *metode Research and Development (R&D)*. *Metode* panaliten *research and development* inggih menika panaliten ingkang ancasipun kangge ngasilaken *produk* (Sudarsono dkk, 2013: 186). *Metode* panaliten *research and development* inggih menika *metode* panaliten ingkang

awujud *flash* kangge ngandharaken *materi* bab cerkak. Manawi *media* ingkang awujud buku cariyos mawi gambar kangge gladhen siswa madosi *unsur-unsur instrinsik* cerkak. *Media* pasinaon *flash* saha buku cariyos mawi gambar salajengipun dipunsebut *media* pasinaon *flashbook* cerkak.

*Media* pasinaon wonten panaliten menika sasampunipun dipundamel lajeng dipunbiji kanthi *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Media* dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayogi *validator* dumugi angsal pasarujukan kangge nindakaken *uji coba*. *Uji coba media* menika dipuntindakaken wonten SMPN 14 Yogyakarta kelas VIII B.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, panaliten menika kalaksanaan kangge pikantuk pambiji saking guru basa Jawi saha pamrayogi siswa tumrap *media* pasinaon *flashbook* cerkak. *Materi* cerkak menika dipundamel kanthi *sistematis* saha mawi *animasi* ingkang saged nuwuhkaken kawigatosan, satemah siswa langkung greget anggenipun sinau cerkak wonten pamulangan ing sekolah.

dipunginakaken kangge ngasilaken produk tartamtu, saha kangge nguji *keefektifan* produk kasebut (Sugiyono, 2015:407).

Panaliten *R&D* wonten panaliten *pendidikan* ugi dipunsebut *education research and development*. Panaliten menika wonten panaliten *pendidikan* limrahipun dipunginakaken kangge ndamel model

pasinaon, *sistem evaluasi, modul pasinaon, media pasinaon, simulator* saha sanesipun. Panaliten R&D menika boten dipunginakaken kangge ndamel produk kemawon ananging dumugi *uji coba produk*.

*Media* ingkang dipundamel lajeng dipunsuwunaken pambiji saha pamrayogi dhateng dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa kelas VIII. Sasampunipun *media* dipundandosi adhedhasar pamrayogi saha angsal pasarujukan *uji coba* saking *validator*, salajengipun *media* menika sampun saged dipunginakaken wonten pasinaon cerkak.

*Tataran* ndamel *media* pasinaon menika kajumbuhaken kaliyan teori Mulyatiningsih (2013: 5) ngandharaken bilih wonten gangsal *tataran* ingkang kedah dipuntindakaken menawi badhe ndamel *media* kanthi *model ADDIE*, inggih menika: 1) *tataran analisis* kabetahan, 2) *tataran ndamel desain media*, 3) *tataran development*, 4) *tataran implementation*, saha 5) *tataran evaluation*.

## ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

### Tataran Ndamel *Media Pasinaon*

#### a. *Tataran Analisis*

*Tataran analisis* kaperang dados kalih *tataran*, inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan siswa* kelas VIII SMPN 14 Yogyakarta. *Analisis kurikulum* katindakaken kanthi ancas supados panaliti mangretosi ancas ingkang badhe dipungayuh wonten pasinaon bab *unsur-unsur cerkak*. *Kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten SMP Negeri 14 Yogyakarta inggih menika *kurikulum 2013* kanthi *Kompetensi Inti* “*mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret menggunakan,*

*mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar dan mengarang)* sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori” saha *Kompetensi Dasar* “*mengurai unsur-unsur cerkak* ” adhedhasar *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* kedah dipunadani pasinaoan *unsur-unsur cerkak*. Saking *kompetensi dasar* menika saged dipundamel *indikator*, inggih menika: 1) *siswa dapat menjelaskan unsur-unsur intrinsik cerkak*, 2) *siswa dapat menyebutkan ajaran budi pekerti di cerkak*.

Sasampunipun *analisis kurikulum* lajeng panaliti nindakaken *analisis kawontenan siswa* wonten SMPN 14 Yogyakarta mliginipun kelas VIII. *Analisis kawontenan siswa* kedah katindakaken kangge mangretosi kawontenan siswa supados *media* ingkang badhe dipundamel jumbuh kaliyan kabetahan siswa. *Analisis kawontenan siswa* katindakaken kanthi *observasi* wonten kelas sawekdal pasinaon basa Jawi. Saking *observasi* panaliti pikantuk data bilih taksih wonten pepalang nalika *peoses* pamulangan. Siswa kirang nggatosaken wulangan cerkak saha taksih wonten siswa ingkang ngantuk. Wonten pamulangan cerkak menika guru ngginakaken *media video* cerkak. *Media video* menika kangge katrampilan nyemak, ananging dereng wonten *media* kangge katrampilan maos cerkak.

Adhedhasar prakawis menika, salajengipun dipundamel *media pasinaon flashbook* cerkak. *Media pasinaon* menika dipunajib saged nuwuhaken kawigatosan satemah siswa langkung remen sinau cerkak. *Media* menika ugi saged mbiyantu guru ngandharaken *materi* cerkak.

## **b. Tataran Design ( Ndamel Desain Media)**

Manawi tataran *analisis* sampun katindakaken sedaya lajeng panaliti nindakaken tataran *desain media*. Tataran *desain media* pasinaon wonten kalih inggih menika ndamel *flowchart* saha *story board*. *Flowchart* inggih menika *diagaram alur media*. Anacasing ndamel *flowchart* supados panaliti gampil anggenipun ndamel *desain media*. *Flowchart* menika awujud *alur* ndamel *media* saking wiwitan dumugi media samekta kangge piwulangan. Salajengipun ndamel *story board* ingkang wosipun *naskah media* utawi materi ingkang samangke dipunlebetaken wonten *media* pasinaon. Wosipun saking *story board* inggih menika *kompetensi inti* saha *indikator*, pangretosan cerkak, *unsur-unsur* cerkak, tuladha cerkak, caranipun *analisis* cerkak, pitedah gladhen, kapustakan, saha *profil*.

## **c. Tataran Development (Ndamel Media)**

Tataran *development* utawi ndamel *media* inggih menika mujudaken ingkang wonten *story board* dados *media* pasinaon. *Media* pasinaon *flash* dipundamel kanthi *aplikasi macromedia flash professional 8*. Materi cerkak ingkang wonten ing *naskah media* dipunlebetaken wonten *layer* ing *aplikasi macromedia flash professional 8*. Wonten *layer* menika ugi dipunlebetaken *animasi*. Salajengipun *materi* dipuntata supados saged *sistematis*. Wosipun saking *media* pasinaon *flash* inggih menika pitedah ngginakaken *media*, *kompetensi dasar*, *indikator*, pangretosan cerkak, *unsur-unsur* cerkak, tuladha cerkak, *analisis* cerkak, pitedah gladhen, kapustakan, saha *profil*.

Salajengipun panaliti ndamel *media* pasinaon buku cariyos kanthi ndamel *layout background* saha

nata gambar saking *internet* wonten *microsoft office word 2016*. *layout background*, gambar, saha cerkak dipuncithak, lajeng dipuntata miturut cariyos saha *ilustrasi*. Sasampunipun dipuntata lajeng dipunjilid dados buku cariyos mawi gambar. *Media* pasinaon buku cariyos mawi gambar minangka *media* kangge ngampingi *media flash*. *Media* buku cariyos menika dipunginakaken siswa kangge gladhen *analisis unsur-unsur* cerkak. Sedaya ingkang kadamel menika awujud *produk awal media* pasinaon *flashbook* cerkak.

*Produk awal media* pasinaon *flashbook* cerkak ingkang sampun dados lajeng dipunsuwunaken *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Validasi* katindakaken kangge mangretosi *kualitas media* pasinaon ingkang sampun kadamel. Asiling saking *validasi* kangge dandosi *media* supados langkung sae. Dosen *ahli materi* wonten panaliten menika Prof. Dr. Suwardi, M.Hum, menawi dosen *ahli media* inggih menika Avi Meilawati S,Pd. M.A. Dosen *ahli materi* paring pambiji bab *materi* ing salebeting *media* pasinaon *Flashbook* cerkak, menawi dosen *ahli media* paring pambiji bab *tampilan media* pasinaon *flashbook* cerkak.

*Validasi materi* dening dosen *ahli materi* wonten kalih tataran. *Validasi I* pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 84% ingkang kagolong sae sanget. Lajeng *validator* paring pamrayogi bilih basa cerkak wonten buku cariyos kedah dipunrevisi amargi taksih kathah panyerating ingkang lepat. Lajeng *background* buku cariyos kedah dipunganti. Adhedhasar asiling *validasi I* lajeng *materi media* dipundandosi. *Validasi materi* ingkang kaping kalih pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 93% ingkang kagolong sae sanget.

Validator paring dudutan bilih *media* pasinaon sampun saged kangge *ujicoba* kanthi boten wonten *revisi*. *Validasi media* dening dosen *ahli media* wonten kalih tataran. *Validasi I* pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 76% ingkang kagolong sae. *Validator* paring pamrayogi bilih *tombol layer* kedah dipunparingi wates.

Adhedhasar asiling *validasi I* lajeng *media* ingkang sampun kadamel dipundandosi. *Validasi media* ingkang kaping kalih pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 80% ingkang kagolong sae. *Validator* paring dudutan bilih *media* pasinaon sampun saged kangge *ujicoba* kanthi boten wonten *revisi*. Asiling *validasi materi* dening dosen *ahli materi* saha *validasi media* dening dosen *ahli media* nedahkaken bilih *media* pasinaon *flashbook* cerkak sampun siap kangge *uji coba* wonten sekolah.

#### **d. Tataran Implementation (Uji Coba)**

Menawi *media* pasinaon sampun pikantuk pasarujukan dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Lajeng *media* pasinaon menika dipun*ujicoba*. *Media* pasinaon *flashbook* cerkak dipun*ujicoba* wonten SMPN 14 Yogyakarta wonten kelas VIII B ingkang gunggungipun 33 siswa. *Uji coba* menika katindakaken wonten kelas kanthi ngginakaken *laptop, speaker, LCD, saha proyektor*. *Proses uji coba* menika dipunampingi dening guru basa Jawi wonten sekolah kasebut inggih menika Ibu Kitri Sukanti, S.Pd.

*Uji coba* katindakaken kangge nggayuh *kompetensi dasar* inggih menika “*mengurai unsur-unsur cerkak*.” Wondene *indikator-nipun* : 1) *siswa dapat menjelaskan unsur-unsur instrinsik cerkak*, 2) *siswa dapat menyebutkan ajaran budi pekerti di*

cerkak. Anggenipun *uji coba media*, panaliti ngandharaken *materi* cerkak ingkang wonten *media flash*. Pasinaon sarana *media flash* katindakaken kanthi *klasikal*. Siswa katingal wigatos ing pasinaon kanthi *klasikal* menika awit *tampilan media flash* saha *musik* pangiring ingkang narik kawigatosan siswa. Sasampunipun menika dipunlajengaken merang siswa dados 4 kelompok. Saben kelompok dipunparingi satunggal buku cariyos mawi gambar. Lajeng siswa gladhen madosi *unsur-unsur* cerkak wonten buku cariyos mawi gambar.

Sawekdal siswa gladhen kanthi kelompok ngginakaken *media* pasinaon buku cariyos mawi gambar, siswa katingal greget saha *aktif* wonten *pirembagan* kelompok kangge *analisis unsur-unsur* cerkak. Kawontenan menika amargi *tampilan* buku cariyos mawi gambar saged narik kawigatosan siswa kangge sinau saha *analisis unsur-unsur* cerkak.

Biji saking gladhen menika *rata-rata* siswa pikantuk biji 87. Lajeng guru basa Jawi SMPN 14 Yogyakarta inggih menika Ibu Kitri Sukanti, S.Pd ugi paring pambiji tumrap *media* pasinaon *flashbook* cerkak perangan *materi* saha *tampilanipun*. Ibu Kitri Sukanti, S.Pd. ngendika bilih *materi* wonten *media flash* sampun jangkep saha *sistematis*. *Tampilan media* pasinaon buku cariyos mawi gambar ugi sampun sae saha saged narik kawigatosan siswa ing pasinaon. Asiling biji saking guru basa Jawi *rata-rata* kanthi *persentase* 100% ingkang kagolong sae sanget. Lajeng siswa ugi paring pamanggih tumrap *media flashbook* cerkak. Asiling pamanggih siswa *rata-rata* kanthi *persentase* 86% ingkang kagolong sarujuk sanget. Adhedhasar menika saged dipunmangretosi bilih *media* pasinaon *flashbook* cerkak sampun saged

dipunginakaken wonten pasinaon basa Jawi mliginipun bab *unsur-unsur* cerkak.

### e. Tataran *Evaluation* (*Evaluasi Media*)

Tataran *evaluasi* inggih menika tataran pungkasan sasampunipun nindakaken *uji coba produk*. *Evaluasi* dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *kualitas media* ingkang sampun dipunkempalaken sasampunipun *uji coba produk*. Pambiji *kualitas media* dipuntindakaken dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa kelas VIII. *Data* ingkang dipunkempalaken salajengipun *dipunanalisis* jumbuh kaliyan ancasiipun produk.

#### 1. Asiling Pambiji Pungkasan *Kualitas Media Pasinaon*

*Validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa tumrap *media pasinaon flashback* cerkak menika sampun sadaya dipuntindakaken. Asiling pambiji pungkasan menika dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.

**Tabel 1: Asiling Pambiji Pungkasan**

No	Pambiji Media Pasinaon	Persen-tase	Kategori
1.	Dosen <i>Ahli Materi</i>	93%	Sae Sanget
2.	Dosen <i>Ahli Media</i>	80%	Sae
3.	Guru Basa Jawi	100%	Sae Sanget
4.	Siswa kelas VIII B	86%	Sae Sanget
<b>Rata-rata Persentase</b>		<b>90%</b>	<b>Sae Sanget</b>

Adhedhasar tabel ing nginggil, asiling pambiji pungkasan *media* dening dosen *ahli materi* adhedhasar saking 9 *indikator* angsal biji *persentase* 93% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *validasi*

dosen *ahli media* adhedhasar saking 11 *indikator* angsal biji *persentase* 80% ingkang kagolong sae. Asiling pambiji *media* dening guru basa Jawi adhedhasar saking 9 *indikator* angsal biji *persentase* 100% ingkang kagolong sae sanget. Asiling pamanggih siswa tumrap *media pasinaon* adhedhasar 9 *indikator* angsal biji *persentase* 86% ingkang kagolong sarujuk sanget. Adhedhasar *validasi* dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas VIII B SMPN 14 Yogyakarta tumrap *media pasinaon flashback* cerkak angsal rerata *persentase* 90% ingkang kagolong sae sanget.

#### 2. Kaluwihan saha Kakirangan *Media Pasinaon Flashbook Cerkak*

*Media pasinaon flashback* menika ugi wonten kaluwihan saha kakiranganipun. Kaluwihan *media pasinaon flashback* cerkak, antawisipun wonten ngandhap menika:

- 1) *media pasinaon flashback* cerkak *layak* dipunginakaken minangka sarana pamulangan cerkak wonten kelas VIII. *Layakipun media* saged dipunmangretosi saking *kualitas media* kanthi *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas VIII ingkang angsal rerata *persentase* 90% ingkang kagolong sae sanget.
- 2) *media* menika ngewrat *materi* cerkak ingkang jangkep, runtut, saha jumbuh kaliyan kabetahan siswa kelas VIII.
- 3) gladhen ingkang awujud madosi *unsur-unsur* cerkak kanthi maos *media* buku cariyos ingkang wonten gambaripun satemah saged nuwuhaken kawigatosan siswa.

- 4) *media* ingkang awujud buku cariyos gampang dipunginakaken amargi boten mbetahaken piranti pambiyantu.
- 5) Manawi listrikipun pejah *media* ingkang awujud buku cariyos mawi gambar taksih saged dipunginakaken, dadosipun pasinaon wonten kelas taksih saged kalampahan kanthi lancar.
- 6) *media* ingkang awujud *flash* saged dipunginakaken kanthi *klasikal* wonten ing pamulangan kanthi migunakaken LCD (*Liquid Crystal Display*).
- 7) *media* menika saged nggampilaken guru anggenipun ngandharaken *materi* wonten pamulangan.
- 8) *ukuran file media flash* ingkang sampun dipundamel menika naming alit, satemah boten prelu mbetahaken *space* ingkang kathah wonten ing laptop utawi computer.
- 9) *media* pasinaon ingkang awujud *flash* sampun awujud *aplikasi* kanthi *format .exe* satemah saged dipunginakaken langsung wonten ing computer ingkang boten gadhah *aplikasi macromedia flash professional 8*.

*Media* pasinaon *flashbook* ugi wonten

kekiranganipun. Wondene kekirangan *media* pasinaon *flashbook* cerkak menika kados ngandhap menika:

- 1) anggenipun ndamel *media* pasinaon ingkang awujud buku cariyos menika mbetahaken wekdal ingkang dangu amargi kedah tlaten saha sabar awit ndamel *layout* saha ukuran dumugi nata gambar saha seratan supados saged mujudaken *produk media* buku cariyos mawi gambar.

- 2) *Media* buku cariyos mawi gambar menika gampang risak.
- 3) *media* pasinaon ingkang awujud *flash* kalebet jinis *media* ingkang adhedhasar *multimedia*, dadosipun kedah ginakaken *komputer* utawi laptop.
- 4) *media flash* dipunginakaken wonten pamulangan *klasikal* kedah wonten piranti ingkang nyengkuyung kados ta: laptop, LCD, saha *speaker*.
- 5) anggenipun ngecakaken *media* pasinaon ingkang awujud buku cariyos mawi gambar kirang *efektif* manawi dipunginakaken kanthi kelompok ageng. Langkung *efektif* manawi dipunginakaken antawisipun 3-4 siswa saben kelompok.

## PAMRAYOGI

Saking asiling *media* ingkang dipundamel pamrayoginipun inggih menika:

1. *Media* pasinaon ingkang awujud buku cariyos mawi gambar langkung sae bilih dipuncithak kathah supados langkung *efektif* dipunginakaken siswa kanthi kelompok 3-4 siswa.
2. *Media* buku cariyos mawi gambar langkung sae bilih dipun*layout* kanthi estu supados boten gampang risak saha ndamelipun boten mbetahaken wekdal ingkang dangu.
3. *Media flash* dipunginakaken kanthi *klasikal* wonten kelas kedah mangretosi *fasilitas* kelasipun. Kelas kedah wonten laptop, LCD, saha *speaker*.
4. Siswa saha guru kedah saged ngginakaken komputer kangge ngginakaken *media* pasinaon ingkang awujud *flash*.
5. Panaliti sanesipun saged ndamel *inovasi pengembangan media* pasinaon ingkang awujud



buku cariyos mawi gambar ngginakaken *aplikasi software* supados saged dipun-*instal* wonten komputer saha saged ndamel *media pasinaon* migunakaken *aplikasi macromedia flash professional* 8 kangge *materi* basa Jawi sanesipun ingkang langkung *kratif* saha sae.

## KAPUSTAKAN

Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor: 64/ KEP/ 2013 Tentang Mata Pelajaran Bahasa Jawa sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah.

Mulyatiningsih, Endang. 2013. *Metode Penelitian Terapan Bidang Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.

Sudarsono dkk. 2013. *Metode penelitian Pendidikan*. Yogyakarta: UNY Press.

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.